

AVÈTISMAN: W AP VYOLE RÈG KONSÈNAN CHOFÈ K AP KONDWI PANDAN YO FATIGE A

KISA RÈG KONSÈNAN CHOFÈ K AP KONDWI PANDAN YO FATIGE YO YE?

Selon règ konsènan chofè k ap kondwi pandan yo fatige Komisyon Taks ak Limouzin (Taxi and Limousine Commission) yo, baz machin pou taksi (for-hire vehicles, FHV) yo ka voye pasaje bay yon chofè pou jiska 10 zèdtan nan yon peryòd 24 èdtan epi jiska 60 èdtan nan yon semèn (lendi jiska dimanch). Se sèlman lè gen yon pasaje nan machin nan ki konte pou limit sou kantite tan pou kondwi a. Baz ou a sèlman responsab pou pasaje li voye ba ou yo nan règ sa a - pa total tan pasaje yon chofè si yo kondwi pou lòt baz tou.

POUKISA TLC TE PASE RÈG SA YO?

Se yon gwo danje pou chofè yo, pasaje yo, ak pyeton yo lè yon moun kondwi pandan li fatige. Lè yon chofè kondwi pandan li fatige li danjere epi sa fè li pran plis tan pou li reyaji, epi sa mete li nan plis risk pou fè aksidan machin. Ni baz yo ni chofè yo jwe yon wòl pou evite chofè kondwi pandan yo fatige.

KILÈ BAZ MWEN AN TE VOYE TWÒP PASAJE BAY CHOFÈ?

Lèt sa a pral ede ou konprann kijan kantite chofè ou te voye bay chofè yo vyole règ konsènan chofè k ap kondwi pandan yo fatige yo. Enfòmasyon ki anba la a montre ki jou ak ki lè kantite pasaje ou te voye bay yon chofè te depase limit sou kantite èdtan nan mwa fevriye 2018.

Lisans Chofè TLC	Kalite Vyolasyon	Èdtan Pasaje	Premye Pasaje	Dènye Pasaje
	<i>Chak Jou</i>			
	<i>Chak Semèn</i>			

ÈSKE BAZ MWEN AN PRAL RESEVWA YON SITASYON NAN MEN TLC?

Lèt avètisman sa a PA yon sitasyon. Baz ou a pa pral resevwa yon sitasyon selon kantite èdtan chofè yo te kondwi ak pasaje baz ou a te voye bay yo nan jou yo ki endike anwo a. Men, si pi devan ou pa chanje fason ou voye pasaje bay chofè yo pou konte èdtan pasaje yo, baz ou a ka resevwa yon sitasyon pou chofè k ap kondwi pandan yo fatige lè TLC kòmanse mete règ yo ann aplikasyon.

KIJAN BAZ MWEN AN KA ANPECHE CHOFÈ YO KONDWI PANDAN YO FATIGE?

Swiv lè depasman ak yon pasaje kòmanse ak lè li fini pou w ka kontwòle kantite tan chofè yo pase ak pasaje yo. Lè ou kontwòle tan pasaje ki nesèsè pou dosye depasman baz ou a, ou pral konnen kilè chofè yo bezwen repoze epi yo pa ka resevwa pasaje nan baz ou a ankò. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/tlcfatigue

KONDWI. REPOZE. REPETE.
KONDWI SAN DANJE...SA KONTE

Si ou gen nenpòt kesyon sou règ konsènan chofè k ap kondwi pandan yo fatige yo, kontakte Zafè Ekstèn TLC nan tlcexternalaffairs@tlc.nyc.gov.

AVÈTISMAN: W ap vyole règ konsènan chofè k ap kondwi pandan yo fatige a.

Ou jwenn enfòmasyon nan lòt lang, tanpri klike sou lyen yo ki anba la a.

Para Español, haga clic aquí

Версия на русском языке доступна здесь

বাংলার জন্য, এখানক্লিক করুন

获取中文, 请点击此处

یہاں کلک کریں اردو کے لیے،

للغة العربية، انقر هنا

Pour la version en français, veuillez cliquer ici

Pou kreyòl klike la a

한국어는 여기를 클릭하세요

Polski - kliknij tutaj